ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№207 (21.615) ● 2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Коррупцэм пэщIэтыным теухуа Iуэхухэм хэплъащ

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 30-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэщагъэмкIэ и советымрэ КъБР-м Коррупцэм пэщIэтынымкIэ и щIыналъэ комиссэмрэ я зэIущIэ. Абы щыхэплъащ коррупцэм пэщIэтыным, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм я лэжьакIуэхэм хабзэщагъэхэр зэрамыхьыным, апхуэдэу хабзэхъуэмэ органхэмрэ дзэмрэ къулыкъу щызыщIэхэм щатеуэ къэмыгъэхъуным пыщIа Iуэхухэм.

ЗэIущIэм къыщащтащ Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэщагъэмкIэ советым и комиссэу щы - экономикэ щынагъуэщагъэмкIэ, коррупцэр гъэмэщIынымкIэ икIи абы пэщIэтынымкIэ, экологие щынагъуэщагъэмрэ щIыхухэм я узынщагъэр хъумэныкIэ - къызэрэпэщыным теухуа унафэ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

●КъБР-м и Правительствэм

ЗэфIагъэкIахэр къапцытэж



Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жэпуэгъуэм и 29-м яIущIащ Правительствэм хэтхэм, ЗэIущIэм къриубэлIащ КъБР-м и Парламентым и ТхьэмадэТ Чечнов Андар, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр, абы и къуэдзэхэу Дышэкi Мадинэрэ Улнаев Къэзимрэ, къалэхэм, кIуейм я администрацхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIУЩIэРкъызэIуихри **Къанокъуэ Арсен** иубзыхуащ нобэрэй зэкIуэсым зыщытепсэлъыхьыну Iуэхухэр. Ахэр ехьалIат 2009 гъэм и блэкIа мазэ 9-м щIыпIэ бюджетхэр гъэзэщIа зэрыхьуам, щIыпIэхэм къыщыхах налогхэм ящыщу абыхэм я бюджетым гъэкIуэжьипхъэ мардэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныкъо, къат куэду эзтет унэхэр 2008-2009 гъэхэм сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыным теухуа республикэ программэр гъэзэщIа зэрыхьуам, нэгъуэщIхэми. Ялъэ-етIуанэ IуэхугъуэхэмкIэ доклад ищIащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Аэрэт**. Ар зэпкIрыхаяу тепсэлъыхьащ 2009 гъэм и мазэ 9-м республикэм и къалэхэм, куейхэм я щIыпIэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхьуам.

- ЩIыпIэ бюджетхэм хэхъуэу яIа псори къапщтэмэ, 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу ахэр хъуащ сом 1485530,6000-рэ. БлэкIа ильэсым и апхуэдэ ельэхьэнэм еплъытмэ, ар ику иту зэрыхьур абы и процент 96,1-рэщ, - къыхихГъэщащ Бышэным. - Я щIыпIэ мылькухэм зэрыхагъэхъуэф щIыкIэр къэплъытэмэ, республикэм и районхэм 6-м абы щоужьрэкI, я бюджет ахъшэр нэхъ мащIэ щыхъуащ адрей щIыпIи 7-м. Псом нэхъри нэхъыбэ мылькуя щIыпIэ бюджетым хальхьэфащ Прохладнэ, Дзэлькъуэ, Аурах куейхэм. Къэлэрыкъуэхэм яхэтщ Iуащхьэмахуэ, Шэрдж куейкэр, Бахъсэн кIалэр.

Апхуэдэу зэхуэмыдэу щIыпIэ мылькухэм зэрыхэхъуэм и цIыхьэ-сэрт, хахуагъэ ин кIагъэлIагъуэу. ЖыIэн хуейщ а зэщIэхъеныгъэм мэкъумэшыщIэ къызэрыгэкIэрэр, лIакъуэлIэшхэр, дин лэжьакIуэхэр зэрыхэтар. Дин лэжьакIуэ Минин Козьмарэ пщы Пожарский Дмитриирэ зэхэкIуэрадзащ, зэкъуэуэвэу бийм езэуэну. Урысейм хэр къарушхуэ зэрыгъэхъуащ. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ зэрыпхъуакIуэхэр Москва дахужу къералыр хуит къащIыжьын. «Зэрыхьэзрийм и лъэхъэну» Урысейм и тхыдэм хыхьа зэманыр иуащ.

Зи гугъу фхуэтщI зэщIэхъеенигъэм хуабжьу хэлIыфIыхьащ пщы Черкасский Дмитрий (Къэнщауэ) Мамсырыкъуэ и къуэр. ТхыдэтхэрэкIыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Мининымрэ Пожарскэмрэ джакIуэ, къызэрэпэщакIуэ къыгъэнхэр нэхъ ятегъэщIа-хэмкIэ, хэкъуэгъэ ин къагъэлIагъуэу. ЖыIэн хуейщ а зэщIэхъеенигъэм мэкъумэшыщIэ къызэрыгэкIэрэр, лIакъуэлIэшхэр, дин лэжьакIуэхэр зэрыхэтар. Дин лэжьакIуэ Минин Козьмарэ пщы Пожарский Дмитриирэ зэхэкIуэрадзащ, зэкъуэуэвэу бийм езэуэну. Урысейм хэр къарушхуэ зэрыгъэхъуащ. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ зэрыпхъуакIуэхэр Москва дахужу къералыр хуит къащIыжьын. «Зэрыхьэзрийм и лъэхъэну» Урысейм и тхыдэм хыхьа зэманыр иуащ.

Ар ныбжьыкIэ гуп-гуп зэрыгъэхъури, властыр зыIэрагъэхъэным гуащIэу щIэбэну хуежьащ. Зэм зы гупым, зэм адрейм бжьыпэр иубыдыр, арщхьэкIэ апхуэдабзэуи IэщIэхуэжьыр. КIэ зимыIэ зэпещIэтыныгъэм къералыр пъэрэмыкъ дыдэ ищIащ. Арат зыхуейхэри зыпэплъэри бийхэр. «Мис иджы хъуащI!» жиIэри, абыхэм ящыщу а зэманым нэхъ лъэщу щыта Польшэр Урысейм къытеуащ. Абы и мурадт езым и пащтыхь иригъэващ. ПакъуэлIэщ нэхъ зыцIэ зэрыпхъуакIуэхэм

● ЗэIущIэхэр

Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэр къапщытэ, къалэнщIэхэр яубзыху

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Бицу Вадим.

Ди газетым зэрыстетащи, жэпуэгъуэм и 28-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щеKIуэкIащ федеральнэ лъэпкъ проектхэр ди республикэм щыгъэзэщIэнымкIэ КъБР-м и Президентым деж щыIэ Советым и зэIущIэ. Абы щытепсэльыхьащ узыншагъэр хъумэнымрэ щIэныгъэмкIэ щыIэ унэтIныгъэхэр зэрагъэзащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**.

Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александрэ** Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануарэ**.

- Республикэм щагъэлажьэ ди щIыналъэм нэхъри зиужьыным хуэунэтIа программэ зыбжанэ, - жиIащ Президентым. - Абыхэм ящыщу гулыIэтэ нэхъ хуэщIыпхъэу къызоIытэ узыншагъэм ехьэлIахэм. Пэжщ, апхуэдэ программэхэр хъарзынэу ягъэзащIэ икIи зэхъуэкIыныгъэхэри къыдокIу, ауе гуныкъуэгъуэ гуэрхэри щыIэщ. ЖысIэну сызыхуэйращи, сымаджэщхэм нэхъ тегушхуауэ елэжьын хуейц: диIэхэр зэредгъэфIэкIуэным, сыткIи къызэгъэпэщауэ куейхэм щIэ зэрыдэтщIыхьыным дыпэрыпхъэщ.

Абы кьыхэкIыу зи Iуэхуэхэр нэхъ хэпльэгъуэхэм къыщыщIэдзауэ, зы илъэсым сымаджэщитI-щым делажьын хуейц.

Ди цIыхуэхэм хамэ щыналъэхэм, къэралыгъуэхэм къыщрагъэIэзэ мыхъуу мыбдежи хуэфащэн сымаджэщ диIэн, КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм къыщIигъэкI дохутырэри лэжьапIэ лъыхъуэу я хэкур ямыбгынэн, мыбя я щIэныгъэр зрахьэлIэн щагъуэтын хуэдэу.

Сыхуейт мы унэтIныгъэмкIэ щыIэ ныкъусаныгъэхэр наIуэ къэфщыIну, абыхэм дазэрыплъэщыну щыкIэхэри фубзыхунэ. 2010 гъэм и бюджетыр къэдмыщтэ щыкIэ мы Iуэхур зэфIэдгъэкIмэ зэхъыфIщ, дызыхуэхьэзырыр хуейр тщIэн папщIэ. Псом нэхъри нэхъапэр дызэлэжьыну сымаджэщхэр зыхуэныкъуэну Iэмэпсымэхэращи, абыхэм гулыIэтэ лей хуэщIыпхъэщ.

АдэкIэ псалъэ ираташ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим**. Ар тепсэльыхьащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ нобэ щыIэ ныкъусаныгъэхэм, ди щIыналъэр зыпэмылъэщ узыфэхэм, ахэр къэхутэн, е1ззэн папщIэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэм.

- Ди республикэм лъэпкъ проектхэр щылэжьэн зэрыщIадзэрэ узыншагъэр хъумэным сом зы мелардрэ ныкъуэм нэс къыIэрыхьащ. А бжыгъэм щыщу сом мелуан 250-р сымаджэщхэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтIащ, сом мелуан 426-р улахуэу кIуащ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэр зэрызекIуэ машинэу сом мелуан 62-м кьыщIэкI къащэхуащ, сымаджэщхэм кьыщагъэсэбэп, сымаджэхэм зэрелэжь Iэмэпсымэу щэ бжыгъэхэр кэтщэхуащ, - жиIащ Бицум.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы программэр зэрылажьэр, сымаджэщхэр уху ящыкIэ, къызэгъэпэщынымкIэ екъулIэныгъэфIэр дызэриIэр. Ди гуапэ зэрыхъуэщи, къэралыбхэм къыщынэмыщIа, нэгъуэщI хэкIыпIи щыIэщ - ди республикэм и хъярычатыщIэхэми, зэрахуэзэфIэкIкIэ, щIыналъэм зыщIагъакъуэ. Псалъэм папщIэ, Тэрч куейм ит сымаджэщи 4-р зыхуей хуагъэзащ, къэралмыгъэхэр хьэрычатыщIэхэм я хэлъхьэныгъэхэмрэ зэхэту сом мелуан 11 трагъэкIуэдзу. Апхуэдэу, 2006 гъэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и мылькум кьыхихри, Курп Ищхъэрэ кьуажэм сымаджэщыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуриIэгъэзащ. Абы кьыщынэмыщIауэ, Зеикъуэ зыхьэжьмрэ Хьэтlохъущыкъуейрэ я сымаджэщхэм сом мелуани 3-м нэс трагъэкIуэдащ. Куэд мыщIэуи Исльэмей, Кьулъкъужьин Ищхъэрэм, кьуажэхэм Аруан куейм я сымаджэщхэр зыхуей хуагъэзэнущ. Ауэрэ республикэм и къуажэхэр псори къызэщIрагъэубыдынущ. КьыхэгъащIыпхъащ Iащхьэмахуэ куейм хьихь Гундэлэн кьуажэм и щIыпIэ сымаджэщым зэрелэжьыжкари. Абы сом мин 800-м нэс ихьащ.

Мы унэтIныгъэмкIэ я Iуэхуэхэр зыIутыр наIуэ къащIащ Тэрч, Прохладнэ куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэу **Пэнагуэ Максимрэ Гертер Иванрэ**, апхуэдэу къэпсэльащ Май куейм и администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Полиенко Ольгэ**.

- Жьыфlа псом я ужькIэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейт илъэсым кьриубыдэу сом мелуани 100 республикэм и мылъкум кьыхэхIыу узыншагъэр хъумэным хуэдэнтIыну ди кьарум кьыззрихьынур. Ауэ щIыпIэхэр зыхуей бжыгъэм ещэлеIуэу кьыщыщIагъалъэ кьохьу. Апхуэдэкэм деж упомэжну гукъыдэжи уиIэжьиххэкъым. Аращи, псори зэпэшэчауэ, тэмэму кьэбжауэ ди пащхьэ кьыфIхьэмэ, дэри щIыналъэр ефIэкIуэнымкIэ тхуэзофIэкI кьэдгъэнэнукъым. Апхуэдэу кьэфщэху Iэмэпсымэхэми страховани хуегъэщIыпхъэщ, итIанэ псори хъарзынэу екIуэкIынущ, - кьыхигъащ Президентым.

АдэкIэ псалъэ ираташ КъБР-м егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**. Ар тепсэльыхьащ кьэралыр щIалэгъуалэ зэчиифIхэм зэрадэIэпыкъун.

- «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр кьыдэпрытщтэрэ, ди Iуэхуэхэм фIы и лъэныкъуэкIэ захъуэжьауэ жыпIэ хъунущ, ауэ сыт хуэдэ щIэдзапIэм хуэдэуи, мыбыкIи ныкъусаныгъэ гурэхэри щыIэщ, - жиIащ министрым.

- Псалъэм папщIэ, жьыфlа илъэситIым ди сабийхэр щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо конференцэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ, екъулIэныгъэфIэхэри зрагъэгъуэтащ, щIэныгъэшхэу я гъэзэнгъэуэ утыку кьыхьащ. Апхуэдэу цIыху пщIы бжыгъэхэр хамэ къэралхэм еджапIэ дгъэжьащ. Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэми мини 2-м щIигъу щIэтIысхьащ. Ар, дауи, екъулIэныгъэшхэу, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, хэщIыныгъэщ. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, нэгъуэщI щIыпIэ кIуа студентым щIэныгъэр къэкъулIэмэ, иужькIи лажьэнтIэ хъарзынэ щигъуэтмэ, щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжу хуэлэжьэну си гугъэкъым. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, и лажьыгъэм, и щIэныгъэшхэм пэкIуэжьи улахуэ мыбы кьыщратынукъым. Апхуэдэу сегъэгъуавэ мы гъэм медицинэ къудамэм щIэтIысхьахэр курыт еджапIэм «3» кьыщахьу еджахэр арауэ зэрыщIыпхьэм. Абыхэм сыт хуэдэ щIэныгъэ бгъэдэтлъхьэфынур, иужькIи дауэ ахэр цIыхуэхэм зэрелэзэнур?! ЕкъулIэныгъэ нэхъыбэ зиIэ щIалэгъуалэр Урысейм рэхамэ кьэралыгъуэхэм рэ еджапIэ кIуащ. Аращ гуныкъуэгъуэу ди Iэр, армыхъумэ, мылъку и лъэныкъуэкIэ мы программэр ныкъусаныгъэ лъэпкъ имыIэу мэлажьэ.

Мы псалъэмакъым кьыхахъащащ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну Европэмрэ Америкэмрэ еджапIэ ягъэкIуэу щIыну 40 зэрыщIэри.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, цIыху 40 еджапIэ дгъэкIуэу я хамэ къэралхэм, екъулIэныгъэфIэкIэ яIэу, щоджэ, кьызэрагъэзэжуи лэжьапIэ кьахъэгъэуэтын хуейц. Абыхэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм кьыхэощ республикэм къэгъэзэжу хуэлэжьэн, адрыщI къраха щIэныгъэмрэ акъылымрэ ди щIыналъэм хуауэнтIын зэрыхуейр. Абыхэм кьызэрагъэзэжу, псори зэхъуэтшэсынурэ, саIуэщIэнущ, хамэ къэралхэм зэрыщеджам, зыхуеджам, къраха щIыналъэм защIагъэгъуэзэн папщIэ, - жиIащ Къанокъуэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** кьыхигъэщащ зи гугъу ящI щIалэгъуалэм щыщу цIыху зыбжанэм иджыри я дипломэр кьызэрырамытыжкар, ауэ я нэхъыбапIэм ар яныгъуэ кьызэрагъэзэжкар. Псори зэрыIэ зэрыхъуэу Президентым хуагъэзэнри жиIащ.

- Фигу кьэзгъэжьIыжьнщи, иджыри цIыхуи 100 еджапIэ дунэтIыну зыдогъэхьэзэщ. Ахэр псори зы илъэсыр зэреджэр, ауэ щIэныгъэшхэу зрагъэгъуэт. Иджыпстуки1э цIыху 600-м щIигъуэм я тхьилъхэр къатащ. ДапэкIэ абыхэм экзамен яту, абы цIыхуи 100 кьыхэтхуэу, ахэр дгъэхьэзырыну аращ, - кьыхихгъэбджьыпIыкIащ Мусуковым.

Псори кьэпсэльа нэхъ, зэIущIэм кьыщащIэта Iуэхугъуэхэм я тепуэхуэ гъэфащэ зыбжанэ IэлэткIэ зэдэарэзыуэ кьызэдащтащ.

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

КъБР-м Законхэр кьыдэзыгъэкI и Iэнатlэ нэхъыщхьэм парламент еджIуэныгъэхэр жэпуэгъуэм и 29-м «Уху ягкIуэ» лицейм щригъэжьIащ. Ар теухуауэ зыцIтащ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар**, абы и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ,** Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Дадэ МуIэед**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, депутатхэр, Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр.

Зэ хуэсыр кьыщIэIуихри, КъБР-м и Парламентым щыпIэ щхьэхуэхэм щригъэжьауэ едэIуэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, ар зытеухуа Iуэхум хэпъ ныкъусаныгъэхэр гъьбелджыныкIэ, ахэр гъэзэкIуэжьынымкIэ, зэкIыпIэхэр къэгъэуэтынымкIэ Iмат нэхъыбэ къызэрритыр жиIащ Чеченов Ануар. Дадэ МуIэед кьыщыпсэльым убгъуэуэ кьытеувыIащ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм я Iуэху зыIутыр. Абы кьыхихгъащ а Iмат1эм нэхъыбэ къызэрритыр. Ар, дауи, екъулIэныгъэшхэу, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, хэщIыныгъэщ. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, нэгъуэщI щIыпIэ кIуа студентым щIэныгъэр къэкъулIэмэ, иужькIи лажьэнтIэ хъарзынэ щигъуэтмэ, щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжу хуэлэжьэну си гугъэкъым. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, и лажьыгъэм, и щIэныгъэшхэм пэкIуэжьи улахуэ мыбы кьыщратынукъым. Апхуэдэу сегъэгъуавэ мы гъэм медицинэ къудамэм щIэтIысхьахэр курыт еджапIэм «3» кьыщахьу еджахэр арауэ зэрыщIыпхьэм. Абыхэм сыт хуэдэ щIэныгъэ бгъэдэтлъхьэфынур, иужькIи дауэ ахэр цIыхуэхэм зэрелэзэнур?! ЕкъулIэныгъэ нэхъыбэ зиIэ щIалэгъуалэр Урысеймрэ хамэ къэралыгъуэхэмрэ еджапIэ кIуащ. Аращ гуныкъуэгъуэу ди Iэр, армыхъумэ, мылъку и лъэныкъуэкIэ мы программэр ныкъусаныгъэ лъэпкъ имыIэу мэлажьэ.

Мы псалъэмакъым кьыхахъащащ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну Европэмрэ Америкэмрэ еджапIэ ягъэкIуэу щIыну 40 зэрыщIэри.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, цIыху 40 еджапIэ дгъэкIуэу я хамэ къэралхэм, екъулIэныгъэфIэкIэ яIэу, щоджэ, кьызэрагъэзэжуи лэжьапIэ кьахъэгъэуэтын хуейц. Абыхэм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм кьыхэощ республикэм къэгъэзэжу хуэлэжьэн, адрыщI къраха щIэныгъэмрэ акъылымрэ ди щIыналъэм хуауэнтIын зэрыхуейр. Абыхэм кьызэрагъэзэжу, псори зэхъуэтшэсынурэ, саIуэщIэнущ, хамэ къэралхэм зэрыщеджам, зыхуеджам, къраха щIыналъэм защIагъэгъуэзэн папщIэ, - жиIащ Къанокъуэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** кьыхигъэщащ зи гугъу ящI щIалэгъуалэм щыщу цIыху зыбжанэм иджыри я дипломэр кьызэрырамытыжкар, ауэ я нэхъыбапIэм ар яныгъуэ кьызэрагъэзэжкар. Псори зэрыIэ зэрыхъуэу Президентым хуагъэзэнри жиIащ.

- Фигу кьэзгъэжьIыжьнщи, иджыри цIыхуи 100 еджапIэ дунэтIыну зыдогъэхьэзэщ. Ахэр псори зы илъэсыр зэреджэр, ауэ щIэныгъэшхэу зрагъэгъуэт. Иджыпстуки1э цIыху 600-м щIигъуэм я тхьилъхэр къатащ. ДапэкIэ абыхэм экзамен яту, абы цIыхуи 100 кьыхэтхуэу, ахэр дгъэхьэзырыну аращ, - кьыхихгъэбджьыпIыкIащ Мусуковым.

Псори кьэпсэльа нэхъ, зэIущIэм кьыщащIэта Iуэхугъуэхэм я тепуэхуэ гъэфащэ зыбжанэ IэлэткIэ зэдэарэзыуэ кьызэдащтащ.

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.



Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

● КъБР-м и Парламентым

ЕджапIэхэм я лэжьэкIэр ирагъэфIакIуэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

зэIущIэ апхуэдэ еджапIэ 18-м щыщу 10-р къагъэнащ федеральнэ бюджетым кьыхэкI ахъшэкIэ лэжьэну, ауэ адрей 8-р республикэм кьратыжащ.

ЕджапIэхэр мылъкукIэ мыкъуейт щIыналъэхэм я нэIэ щIэтэуэвжьныир Iуэху тыншу кьыщIэкIащ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ абыхэм я1ярыхьэркъым я мылъкутехникэ лъабжьэр зэрырагъэфIэкIуэн, мастерскойхэр кьызэрызэрагъэпэщын ахъшэ.

Дадэм кьыхэигъэщащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ еджапIэхэм сом мелуан 214-м щIигъукIэ кьэралыр кьаззрыдэIэпыкъуар, кьищынэмыщIауэ я языныкъуэ колледжхэм, лицейхэм заужьынымкIэ еджапIэхэм я яхуэгъэфIакIуэ. Апхуэдэуи кьигъэлъэгъуащ еджапIэхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным теухуауэ я мурадхэр, абы папщIэ КъБР-м и Правительствэм, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм гу зылъатэхуащ.

Зи унафэщI еджапIэхэм я Iуэху зыIутыр, зыхуарагъадэж Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ еджапIэхэм сом мелуан 214-м щIигъукIэ кьэралыр кьаззрыдэIэпыкъуар, кьищынэмыщIауэ я языныкъуэ колледжхэм, лицейхэм заужьынымкIэ еджапIэхэм я яхуэгъэфIакIуэ хэр кьыхэощу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Автомобиль транспортымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр лицейм и унафэщI **Абрэдж Мартин,** Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт училищэ №8-м и унафэщI **Текуевэ Нинэ,** Iащхьэмахуэ щыIналъэ колледжым и Iэтащхьэ **Отаров Мухьтар** сымэ.

КъБКъУ-м и педколледжым и унафэщI **Байчекуевэ Нинэ** жиIащ Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэр къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыгуагъэхьэжам фIы куэд кьыззрырикIуар, блэкIа илъэс 12-м кьриубыдэу, КъБР-м и колледжхэм, лицейхэм ящыщ зыбжанэ Iрысейм щынэхъыфIхэм зэрыхабжар. Зыпэрыт Iэнатlэм зыщрихьэлIэ ныкъусаныгъэхэм щытепсэлъыхьыным, Байчекуевэм кьыхигъащащ студентхэм ират стипендиэ псом 315-рэ фIэкIа зэрымыхъум, педколледжыр къэзыуха егъэджакIуэм и улахуэр зэрымащIэ дыдэм зэригъэгуэавэр.

КъБР-м и лицейхэм, колледжхэм зыхурагъаджэ Iэщ1агъэр зэхэхауэ щытын зэрыхуейр, ахэр къэзыухахэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ гулыIэтэ зэрыхуэщIыпхъэр, фабрикэхэр, заводхэр зыхуэныкъуэ Iащ1аналъэхэр зыхуэдэр еджапIэм хуиIэхуурэ, зыбжанэ фIэкIа мыхьэми, ирагъаджэу зэтеублэным и чэзу зэрыхуэар кьыхэощу къэпсэлъаехэр Экономико-правовой лицеим и унафэщI **Щхуэмэ Мухьэмэдин**, Сату-технологие колледжым и унафэщI **Къардэн Хьэбил**, КъБР-м и Парламентым и депутат, КъБКъМА-м и ректор **Жэрыкъуэ Борис**, КъБР-м **Щ**ыIна Кьуэдзэ Iмахьэ-гъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и Къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гугъуэт ФатIимэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗыпэщIэм кьыщыкъатхьэ Iуэхуэхэр законопроектым и гъабжьэу кьащтэну зэгурыIуэ нэхъь, депутатхэрэ хьэщIэхэмрэ «Ухуакъуэ» лицейм и лэжьэкIэм щагъэзыгъэзащ, абыхэм кьызэрагъэпэща гъэпсэгъуэныгъэхэр щыIэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Фэеплъ



ПэкIум кьрихьэлIахэр.

Кулиев Къайсин къыщалъхуа махуэм

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз усакIуэ Кулиев Къайсин къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирикъащ щэкIуэтхуэм и 1-м. УсакIуэм и цIэр зэрихьэу Налшык къалэм иIэ уэрамыр тет фешдым деж а махуэм къыщызэхуэсат щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэхэр, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, Кулиевым и благъэхэмрэ абы и усэхэр фIыуэ зыльагъуэхэмрэ.

КъБКъУ-м и профессор Эфендиев Сэлихь.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правлензм и унафэщI **КъуэIуфэ Хьчим**, КъБКъУ-м и профессор, философ, Кулиевым и биограф **Эфендиев Сэлихь**, Кулиев Къайсин и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и актер **Мизиев Таубий** сымэ, нэгъуэщIхэри. Налшык курыт школ №18-м и егъэкIуэ цIыкIухэр балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ, индыжлызыбзэкIэ гъэхуауэ къеджащ усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэм. Курыт еджапIэ № 30-м и гъэсэн Журтубаев Рустам Кулиевым хуитха и усэм кьызэхуэсахэр иригъэIуащ.

Зэхуэсым хэтахэр иужькIэ Щэджэм кьалэм кIуащ, усакIуэм и кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. Фэеплъ махуэм иращIэкIа пэкIур кьызэIуихащ Кулиев Къайсин и унэ-музейм и унафэщI **Кулиевэ ФатIимэ**. Абы и гуапэу кьызэхуэсахэм яжриащ КъБР-м лажьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тобоев Альберт щхьэ- кIэпныбжьхэр (КъБР-м и школхэм, ПТУ-хэм, колледжхэм, вузхэм щеджэхэр), КъБР-м щыIэ сабий, щIалэгъуалэ зэгурыIуныгъэхэр.

Зэхуэхуэр ирагъэкIуэкI мы номинацэхэмкIэ:

«Узыншэу псэуным хуэунэтIауэ щIалэгъуалэм зэфIагъэкIа лажьыгъэ яIэ, «Узынщагъэр нэхъыбапIэ щIэныгъэ» лъэпкъ проектым и Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и министерствэм хъыбар фетыщIа «Узынщэ псэуным кьыхьдох!» республикэ конкурсым ет1уанэ Iыхьэр зэрыгъэгъэкIуэкIымкIэ.

Зэпеуэм хэтыну кьрагъэблагъэ КъБР-м и щIалэгъуалэм ящыщу илъэс 14-м щIэщIэдзауэ илъэс 25-мнэс зи защIэгъэкъуэнымкIэ, ахэр жылагъуэ гъащIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ проектым нэхъыбапIэ;

«Узынщагъэр нэхъыфIу щахэмэ клуб».

Зэпеуэр зэрекIуэкIынум нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыхуэфащIыфынущ мы хэщIапIэм: **КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 57, 8(8662) 77-84-01 телефонымкIэ е www. inforof.do.-am сайтым.**

● Юбилей

Жылэ Iумахуэ

А МАХУЭМ, жэпуэгъуэм и 17-м, цIыху куэд щызэхуэсат Лэскэн ЕтIуанэм дгъэ курыт еджапIэм, Iэпкъльэпкъым кьедэхащIэ дыгъэ бзий щагъэм зыщамыгъэнщIу, школ пщIантIэм уэрэгъу, гуп-гупу щызэхэт кьыжьэм дэс нэхьыжьыфIэхэр. ЕджакIуэ ныбжьыщIэхэри зэщIэхуэпыкIауэ, кьакъэ-пщIыпщIу, я нэгум дэрэжэгъуэ хьрихуэу школ Iэгъуэблагъэм щIэгъэкIурт. Жьыри щIэри еджапIэ пщIантIэм щыщIэзэхуэсам и1эт щхьэусыгъуэ дахэ - а махуэм я гъэльэпIэнут Лэскэн ЕтIуанэр а щIыпIэм зэрыщитIысыкIэрэ и1эт щхьэусыгъуэ дахэ - а махуэм я гъэльэпIэнут Лэскэн ЕтIуанэр а щIыпIэм зэрыщитIысыкIэрэ и1эт щхьэусыгъуэ дахэ - а махуэм я гъэльэпIэнут Лэскэн ЕтIуанэр а щIыпIэм зэрыщитIысыкIэрэ ильэс 150-рэ, апхуэдэу еджапIэ ильэс 85-рэ зэрырикIуар.

Республикэм, районым кьикIа хьэщIэхэр кьызэхуэзэу, еджапIэм и пщэ нэхъ ин дыдэм цIыхур щIэз хьуа нэужь, зэIущIэр кьызэIуихащ икIи ди ахъшэкIуэкIащ Балъкъэр ФатIимэ. Абы я1э псалъэ иритащ кьуажэм и унафэщI Джатий Зубер. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрихьэлIа кьуажэдэсхэм, нэгъуэщI щIыпIэ кьикIа хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIри, Зубер кIэщIу тепсэльыхьыжащ я жьыпIэ и тхыдэм, абы кьызэпичча гъэгуанэм, кьуажэм щIэрэ щхьэ-рэ зиIэу кьыдэкIа лэжьакIуэхэр, щIэныгъэгъэ щIэрыпуэ куэдми я цIэ кьрIыпуэ.

1859 гъэм Анзор Асльэмырзэ и жэрдэмкIэ Лэскэн псы Iуфэм щитIысыкIащ а жьыпэ - зэрихьэу щытарэ кьуажэр кьызэзыгъэпэщащ и цIэрт. 19-нэ пIэщIыпIэм и кIэх эм-20-нэм и пэщIэдзэхэм Анзорейр цIэрыIуэу щытащ гъущIэхэкIэм, пхъэхэкIэм елэжьыныкIэ. Кьагъырмэс Дулэрэ абы и кьуэ Ибрэхьимрэ я Iэдакъэщ1экI кьаму, уэщ, сэ эмыльIэужьыгъуэхэм, а жьыпэм и мызакъэу, щIэупщIэхуэ щыIэт кьуажэ кудым. Апхуэдэу пхъащIэ Iэзэт Пщыкъуэ Къундет - абы ищI шыгухэм хуэдэу зэпэщрэ быдэрэ а еуфим ущрихьэлIэнутэкъым. Уанэ, нэгъуэщI щы Iэпсльэпс зэхуэмыдэжэр щынымкIэ хуабжьу Iэзэт Балъкъэр Былурэ Мэчанэ Нэмбгэ. КъимыдэкIэ щIэупщIауэ я1эт Къумахуэ ПитIрэ Балъкъэр Хьусинрэ я заводым щащI кхъуэщIымрэ чырбышымрэ.

1918 гъэм кьызэрагъэпэща кьуажэ Советым хагъэхащ Уэркъуасэ Щамил, КIуэмыкуэ Машэ, Балъкъэр Льостэн, АфIэунэ ЩамIал сымэ. Советыр ящыщ ящыщ Iуэхуэщ1э уху зыщIэ хэпIыфIыхьахщ Гъурф эшхэу Жырасльэн, Анлулыхь, Щыхымыджэрий, Балъкъэр Мухьэмэд, Къумыкыу Машэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Жьлэм кьыщызэрагъэпэща ревкомым и япэ комиссарыу хахар АфIэунэ Щамилщ.

РеволюцIэ нэужькым Лэскэн ЕтIуанэ цIэр зыфIаща кьуажэм япэу трактор кьыщыдыхар 1926 гъэрщ. Абы ирилэжьар Елмырзэ Алийщ. 1929 гъэм, дэнэ щIыпIи зэрэдэу, жьлэм кьыщIэзэрагъэпэщауэ щытащ ТОЗ-кIэ зэрэдэу, зэщIыпуу щIыпIэм и кIэх эм-20-нэм и пэщIэдзэхэм Анзорейр цIэрыIуэу щытащ гъущIэхэкIэм, пхъэхэкIэм елэжьыныкIэ. Кьагъырмэс Дулэрэ абы и кьуэ Ибрэхьимрэ я Iэдакъэщ1экI кьаму, уэщ, сэ эмыльIэужьыгъуэхэм, а жьлэм и мызакъэу, щIэупщIауэ щыIэт кьуажэ кудым. Апхуэдэу пхъащIэ Iэзэт Пщыкъуэ Къундет - абы ищI шыгухэм хуэдэу зэпэщрэ быдэрэ а еуфим ущрихьэлIэнутэкъым. Уанэ, нэгъуэщI щы Iэпсльэпс зэхуэмыдэжэр щынымкIэ хуабжьу Iэзэт Балъкъэр Былурэ Мэчанэ Нэмбгэ. КъимыдэкIэ щIэупщIауэ я1эт Къумахуэ ПитIрэ Балъкъэр Хьусинрэ я заводым щащI кхъуэщIымрэ чырбышымрэ.

1918 гъэм кьызэрагъэпэща кьуажэ Советым хагъэхащ Уэркъуасэ Щамил, КIуэмыкуэ Машэ, Балъкъэр Льостэн, АфIэунэ ЩамIал сымэ. Советыр ящыщ ящыщ Iуэхуэщ1э уху зыщIэ хэпIыфIыхьахщ Гъурф эшхэу Жырасльэн, Анлулыхь, Щыхымыджэрий, Балъкъэр Мухьэмэд, Къумыкыу Машэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Жьлэм кьыщIэзэрагъэпэщауэ щытащ ТОЗ-кIэ зэрэдэу, зэщIыпуу щIыпIэм и кIэх эм-20-нэм и пэщIэдзэхэм Анзорейр цIэрыIуэу щытащ

КЪУЭКIЫПIЭ ГЪУНЭГЪУР ЖЫЖЬЭКЪЫМ

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

(КIэлыкIуэр, ПэщIэдзэкIэ №№189-192, 194, 199, 204-хэм итщ).

Амман - Истамбул

ПАЩТЫХЬ гуащэ Алия и цIэр зэрихьэу Амман иIэ дунейпсо аэропортым къытекIыу Истамбул къажIуэ къхъухьлъатэм дыкъитIысхьажащ. «ЩIыр вакъапхъэ-вакъапхъэу зэхэлъщ» - псалъэхэр пасэрей адыгэм игу къэзыгъэкIар иджыпсту сэ слъагъум хуэдэ гуэру пIэрэт? - жызоIэ сигукIэ, щIым зыкъытриIэтыкIыу хьэуа гуэргуэм тезукъуэдия «Боингым» и щIыкIэгъубжэ цIыкIум сыкъыдэплъурэ. Гъэмахуэ пщэдджыжьыр бзыгъэт, къуэкIыпIэмкIэ зыкъыщызыIэта дыгъэм ди щIыбагъ хуэгъэзауэ уэгум дитти, уэкепльыхэмэ, щIыгур бжьхьэуэ-бзыхьэхуэу зэрызэпыльыр Iупщ-бзэу пльагъурт. Сыхьэтым щIигъукIэ дыкъэкIуауэ, пшахъуэщIымрэ къуршыльэмрэ кызэпыдупщIри, псыежэхрэ щхъуантIагъэ нэхъыбэрэ здэщыIэ щIыпIэм дыкъыщхьэщы-хьащ - кхъухьлъатэ кIуэщIым иIэ тIысыпIэхэм щхьэщыт компьютер цIыкIухэм къагъэлъагъуэ Тыркум и щIыналъэм дыкъызэрихьар, Эскишехир кьалэм дыззэрыщхьэпрыкIыр, хьэуам и хуэбагъымрэ, жыар кызедепщэ лъэныкъуэмрэ.

КхъухьлъатэкIэ зекIуэну зыфIэфIи ар зи жагъуэ куэдри щы-Iэщ, ауэ сэ иужьрейхэм сащыщкъым. Тхьэм ирещIи, зи гур уэгум етауэ кьитIэщIа цIыхур игъащIэ лъандэрэ зэрыхъуапсэм щыщ гуэр схэлъу къыщIэкIынщ. Сыти жыIи, щIым зыкъытепIэтыкIа нэужь, пльагъур умыгъащIэгъуэн пльэкIыркъым, апхуэдэ дапщэрэ къыпхуимыхуэми. Дауэ умыгъащIэгъуэнрэ тепльэкIи пльыфэкIи, щIым и къэуаткIи беягъкIи зэхуэмыдэу, бзыхьэхуэ зэмыфэгъум къыхэщIыкIа цыджан алэрыбгъу яубгъуа нэхъеи пльыфэ гъэщIэгъуэныщэхэмкIэ нэр зыгъэгуфIэ тепльэгъуэ къомыр. Дакъикъэ зыбжанэ ипэкIэ къуршылъэ-лэдэхыбэ щIыпIэхэм дыкъыщхьэпрыкIащ, иджы ным дыщхьэщытщ, тIэкIуэр докIуэри, нэм къыIуедзэ хы Iуфэм къыIус кьалэ цIыкIуэхр, псы щIыIум щызекIуэ кхъухьхэр, хым хэльадэ псыежэххэр - дызэрыс кхъухьлъатэм хуэм-хуэмурэ ихьахъшэ зещI, къызэрытIысынум зыбуегъэхьэзыр.

Ататюрк и цIэр зэрихьэу Истамбул дэт аэропорт иным, дуней псом и лъэныкъуэ куэдым кикIауэ цIыху куэд дыдэ щызэбгъэкIым (зэрыфщIэщи, Истамбыл Европэмрэ Азиемрэ яку дэлъ кьалэшхуэщ), дэ къыщыдэжьэрт Чурей Алийрэ абы и къуэшым и къуэ Ибрэхьимрэ. Мы аэропорт дыдэм текIыу Амман кIуэ кхъухьлъатэм тхьэмахуэ ипэкIэ дызэрырагъэтIысхьэрэ ди хэыбар зымыщIа а тIур, пщIыр сыткIэ щхьэпэ, хуабжьу къыттегузэвыхьат икIи, къыщыдгъэзэжыну махуэр ящIэрти, эЗущIапIэ пэшышхуэм темыпыIэу къыщыдэжьрт.

- Алий, фыдгъэгузэваш, гуГъуи фыкъыддехьащ, псапэу Тхьэм къывитыж, - жызоIэ нэхъыжьым, къыгтхуащIамкIэ фыщIэ зэрыхъуэщIыр къыпысщэну си гугъэу.

- Зыгуэр тыншым, зыхуей хуэзэн щхьэкIэ, адрейр гугъу емыжьу хъуркъым. Апхуэдэущ ду-нейр зэрызэхэльыр, - къызетыжь Алий жэуап си псальэр и кIэм нызгъэтъасыну хуэмейуэ, фIыщIэ зэрыхуэтщIыр лейуэ кьилъытэу.

- Уи щхьэр уи закъуэ пхуэгъэфIанукъым, ущыфIыр нэгъуэщIым сэбэн ущыхуэхъуфырыц.

ЦIыху гъэщIэгъэнщ, философщ Алий, хьэлэмэту мэгупсысэ, зэрыгупсысэм хуэдэуи мэпсэу. Абы теухуауи, и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъи зэкъым, тIэуукъым ди газетым зэрытетар, ауэ щыхъуэкIи адыгэ хеттолог, ЩIДАА-м и академик Чурей Алий ди щIэджыкIакIуэхэм яцIыхужу си гугъэщ.

Истамбыл си щыпэлъагъукъым сэ, ауэ иэIуасэ узыхуэхъэм агъуэгуру уаIущIэжьныр зэрыгуапэм хуэдэщи, щIэрыщIэу псори къаспльыхьыну, нэхъапэм сымыльэгъуахэри зэзгъэльагъуну си нэ къыхуикIырт аэропортым и гъунапкъэхэр къызэдэкIыу кьалэм дыщыдыхьам.

Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд лъэщIыгъуэ зыбжанэкIэ щызэблэкIа, дэтхэнэми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр щызэхуэхъэса кьалэ гъуэзэджщ Истамбыл. ЖыпIэнуракъэ, зэрыкьалэу музейщ, абы къыдэкIуэуи зэманым декIу иджырей кьалэщ. Континентиты Iым - Европэмрэ Азиемрэ - яку дэлъу, къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ зэпищIэу, ищкIи ищхъэрэкIи кьикI хы гъэгуэрэ и зэпылъыпIэу - Истамбыл и закъуэщ апхуэдизу щхьэхуэныгъэхэр зиIэ кьалэу дуней псом щыIэр. Тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзыха урым, византие, уэсмэн пащтыхыгъуэхэм я кьалащхьэу лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм щытащ зи ныбжьыр илъэ 1600-м щхьэдэха Истамбыл.

ЦIыху мелуанищIым щIигъу щыпсэу кьалэшхуэм блэкIам и нэпкъыжьэ куэд дыдэ телъми, абы нобэрей теплъэ иIэщ, ухуэныгъэшхуэхэр щокIуэкI, сату Iуэхумрэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зыщагъжь, еджапIэхэр, щэнхабзэ Iуэхущапlэхэр щыкуэдщ, нэгуэгъэужьыпIэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ я бжыгъэм махуэ къэс хохъуэ.

Абыхэми, дызыIущIэ нэгъуэщI куэдми я гугъу Алий къытхуищIу, хы Iуфэм декIуэкI гъуэгум машинэкIэ дрожэ. Зы лъэныкъуэмкIэ хыр къоуалIэри, усакIуэм зэрыжиIауэ «кхъухьыжьхэр абы къосылIэ», адрей лъэныкъуэмкIэ кьалэр къытетщи, зэми пасэрей ухуэныгъэхэмкIэ, зэми иджирейхэмкIэ и теплъэр «кызэзэрехъуэкI». Нэхъыбэ дыдэрэ плъагъур сыт жыпIэмэ, ар мэжджыт бжыгъэншэхэрщ. Зэщхь-зэмыщхьыжу яухуауэ хьэблэ къэс дэт мэжджытхэм я азэнджапIэхэр цыкIуэкIыкIым хуэдэу адэкIи мыдэкIи кхъохIинкI. Ахэр апхуэдизкIэ куэдщи, игъащIэм Истамбыл удэмыплъауэ, абы щытраха зы суРрэт уагъэльагъэумэ, ар сыт хуэдэ къалэми къэпцIыхуниущ, зы мэжджытым и теплъэ абыитыххэмэ. Сыт щхьакIэ жыпIэмэ, ахэр псори архитектурэм и зы мардэкIэ ящIащ, щауха лъэхъэнэхэр куэдкIэ зэщхьэщыкIми.

Апхуэдэу зытплъыхьу дыкIуэурэ дэ дытехьащ Азиемрэ Европэмрэ яку дэкI Босфор псыдэжьпIэм тельу метр 1074-рэ зи кIыхьагъ лъэмыжьышхуэм (псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Босфор псыдэжьпIэр щынэхъ Iуэз щIыпIэм метр 800 и бгъуагъщ) икIи, абы дыззэпрыкIа нэужь, Азие лъэныкъуэм дыкъыщохутэ. Ухуэныгъэхэр нэхъ мащIэ, щхъуантIагъэхэр нэхъыбэ къызэрыхъуамкIэ гурыIуэгъуэщ - кьалэм дыдэжьауэ абы кьедзыIа щIыпIэ гуэрымкIэ доунэтI.

- «Полонез койщ» дыздэкIуэм зэреджэр, - жеIэ Алий, машинэм исхэр щым дыззэрыхъуам гу лъитауэ. - НэгъуэщI жыпIэмэ, поляк къужэщ. Ар жылагъуэ хьэлэмэтщ, си гугъэщ фигу ирихьыну. Тыркум щыпсэу поляк-хэр мы щIыпIэм къызэрыщыхутар зыкъомкIэ адыгэхэм я щхьэ кърикIуам ебгъэщхь хъунущ, ахэр мыбы къэкIуэным XVII лэщIыгъуэм екIуэкIа зауэхэр щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуар къэпльытэмэ. Къуажэр зэрыщыту уней зыгъэпсэхупIэ щIыкIу-щIыкIуэ зэхэтщ, хьэщIапIэ, зыгъэпсэхуакIуэ нэхъыбэу кхъухьэкIуэри езы поляхэм я лъэпкъэгъуэрщ. Дэ дызэкIуэр «Адамполь» зи цIэ хьэщIэщырщ. Ар зей Хьэткъуэ Нэжат и закъуэщ абы адыгэу щыIэр. Хэкум къикIа хьэщIэхэр, ди ныбжьэгъуэр абыхэм къащыхуеблагъэкIэ, хуабжьу я гуапэщ, дэри ар дощIэри, хабзэ тхуэхъуауэ сыт щыгъуи абы дошэ. Ауэ абы дымыкIуэ щIыкIэ сэ зыгуэр си мурадщи кызздэIыгъыну сымыфщоIуть...

Ар жиIэурэ лъэмыжьышхуэм дикIа нэужь, Алий и машинэр щIиIуэнтIащ икIи хьтIуащIэ Iуфэм ухуэзышэ уэрам Iуэз щыкIымкIэ дигъэхащ. «Зы махуэм и кIуэщIкIэ кхъухьми кхъухьлъатэми исыну куэдым къахуихуэу къыщIэкIынкъым», - жыIэу дгъэщIагъуэу, дакъикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIыу дэ дыкъихутащ Босфор псыдэжьпIэм и кIапитIыр зэльитгъэIэсу бахъэкIэ зекIуэ кхъуафэм I пароходым). Мэ-тIэ ноджи, мобыкIэ уплъэмэ Азиещ, мыдреймкIэ укъапльэмэ Европэщ! Телъыджэкъэ! Псы Iуфэм къытращIа уардэунэхэр, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я лЫкIуэу Тыркум щыIэхэм я хэщIапIэхэр, мэжджытхэр, зыгъэпсэхупIэхэр уIэбэм улъэIэсыным хуэдэщ. Тенджызыпс щхъуантIэращи, абы кхыхиу салъкъым шыугъэр Iум из хъуауэ щхьэр егъэуназэ...

Хы фIыщIэмрэ Мрамор тенджызымрэ зэпызыщIэ Босфор хьтIуащIэр я зекIуапIэ нэхъыщхьэщ ЩIыкурытыхым, Эгей хым хуэкIуэ (е абыкIэ къикI) хьэльэзешэ кхъухьхэми цIыхухэр къезышэкIхэми. Апхуэдэу мыбдеж щызэблэкIым я бжыгъэри я инагъри псалъэкIэ кхыпхуэмыIуэтэным хуэдэщ, зыгъэпсэхуакIуэ-зыпльыхьакIуэхэр къезышэкI кхъухьхэмрэ къхуафэжьейхэмрэ я гугъу умыщIи.

Дызэрыс хуэфэм дыIуишащ Босфорымрэ хы фIыщIэмрэ щызэхэхуэ щIыпIэм щиIэ кIэух къэувIэпIэм. Абдеж дэ тхуэдэу зыплъыхьакIуэу пароходым иса къомыр «къиульэльри» кхъухьтедзапIэм къытет бззэр цIыкIум, абдеж щызэхэт шхапIэ бжьыгъэнщэхэм щызэбгрыкIащ. Дэри а шхапIэхэм ящыщ зым Алий дыщигъэхьащ, цIыхухэм дахигъэпльащ. А махуэм дэ дыхунэсащ члисэу, мэжджытышхуэу щытауэ «Айе-Софие», «СулътIан Ахьмэд» мозейхэр, «Еребэтэн» псыгуэныр, Истамбыл и кьалэ утхэр, зыплъыхьыпIэхэр, тхыдэ зиIэ нэгъуэщI щIыпIэ куэд. Пэжщ, тлъэгъуам нэхърэ дымыльагъуу кьэнар, шэч хэмыльу, нэхъыбэщ, ауэ ар нэгъуэщI гъуэгуанэщ, нэгъуэщI хъыбарщ.

Дызэрезэшами щIы хэмыльу, ди нэгу зэрызиужьари нэрылъагъуу дэ Алий и машинэм дитIысхьэжащ, дызэкIуэ хэщIапIэм нэхъ щIэхьу дызэрынэсым дыхуэпащIэу.

«Полонез кой», «Адамполь», «Алинда»...

СЫХЬЭТ хуэдэкIэ гъуэгу дытетауэ, дызэрыс машинэр дэлъэдащ кьуажэ дыхьэпIэр къэзыгъэнаIуэ куэбжэшхуэм. Абдеж щегъэжьауэ нэрылъагъут тырку щэнхабзэм емыцхь нэгъуэщI зэхэтыкIэ гуэр я щIыпIэм зэрыщыщыIэр. ЩIыбым дэт музей хужьпIэным хуэдэу славян щэнхабзэр зи лъабжьэ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр и куэдщ Полонез кьуажэм. ДызэкIуэм дынэсым и пэ дызыIуэжыгъуэхэм я лЫкIуэу Тыркум щыIэхэм я хэщIапIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэм я бжэIупэхэр пасэрей жыпхъэхэм иту зэлъыIухат икIи зэмыщхьу гъэщIэрэщIат. А псом кьалэшхуэм и зэрыхьэзэрийм пэIэщIэ уецIри, щIыпIэкIэ абы узэрыпезэжьхьэм и мызакъуэу, зэманкIи уикIуэтыжауэ къыпщегъэхъу.

Кьуажэ цIыкIур кьыдигъэпльыхьым щхьэкIэ, Алий машинэр нэхъ хуэм ищIауэ, тлъагъуэхэм я гугъу къытхуещI, Iэмал имыIэу лъэсу дыкъыдэкIыу псори зэдгъэльагъуну дыкъыхуреджэ. Ауэрэ дэ дыIухьащ Хьэткъуэ Нэжат игъэлажьэ хэщIапIэ-зыгъэпсэхупIэм. КъатитI нэхъыбэ мыхъу унэри абы и хъуреягъри нэри пэри ихьу кьабзэльабзэт, удэ гъэтъа баринэшхуэхэм щIагъэнэрт, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкуэдт. ЖыпIэнуракъэ, Хэкум къигъэщIа щIыуэпс дахагъэр цIыху гуащIэдэкIым зэригъэщIэращIэр дэнэкIэ упльэми нэм къыIуидэхэрт.

Ди хъыбар ищIэти (жып телефоныр хьэпшыпыфIкъэ!), машинэ къэувыIэ макъ щызэихым, жыг хадэмкIэ, кхыхэкIри къытпежьащ хэщIапIэр зей дIыр. И кIэр игъэкIэрахъуэу абы иужь итт зэрыщыту хужьыбзэ хьэ бэлаеф цIыкIу.

- КъакIуэ, Памукъ, Хэкум къикIауэ хьэщIэ лъапIэ къытхуэкIуащ, - жиIэурэ хьэ цIыкIум йоджэ Нэжат, ди деж къосри, фIэхъус гуапэ къыдех. - Фыкъеблагъэ! Дауэрэ фыкъызэкIуа? ИорданымкIэ фыщIащ-уэ зэхэтхащ, абыкIи сытхэр щыхъыбар? - къытщIэупщIэу, къытщигуфIыкIыу унэмкIэ дыщIешэ Нэжат.

- Алий и фIыщIэкIэ адэжь лъахэм щыщ цIыху гъэщIэгъуэн куэд къэтпIыхуащ, Хэкум дыкIуэжу зэдгъэльагъуну Iэмалрэ зэманрэ димыIами, - тIэкIу зигъэзэхуэж щIыкIэу къыпещэ Хьэткъуэм и псальэм, ди хэщIапIэ пэшхэр дагъэльагъуу, хьэпшыпхэр дгъэтIылъу дыкъыщIэкIыжа нэужь. - Сэри, Чурей Алий хуэдэу, илъэс куэдкIэ дзэм къудыкъу щысщащ, абы сыкъыхэкIыжа нэужь, уней Iуэхущапlэ тIэкIу зэзгъэпэщын мурад сиIэти, мы къуажэ цIыкIум зыгъэпсэхупIэ щыдухуащ. Дзэм дызэдыхэтауэ си ныбжьэгъу поляк щIалэмрэ сэрэ ди мылъку зэхэдзэкIэ мы Iэкуейм щыплъагъу псори - «Адамполь» хьэщIэщымрэ, гъуэгум узэпрыкIа нэужь щыIэ «Алинда» зэгъэпсэхупIэмрэ - едгъэщIащ. КъытхуэкIуэхэр арэзы зэрыгтщIыным дыхущIэкъуу долажьэ.

Поляк фащэхэр зыщыгъ гуащэхуэхэр бжэIупэм Iутщ, хьэщIэщым ущIыхьамэ, лэжьакIуэхэр цIыху гуапэ защIэщи, псалъэ жумыIэми, узыхуейр нэкIэ къащIэ урагъэгуэгуэу набдзэгубдзапльэщ. Алэрыбгъуэхэм щегъэжьауэ Iупхъуэ-лъапхъуэхэм щыщIэкIыжу псори славян лъэпкъхэм къадекIуэкI тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ, пасэрей хьэпщыпхэмкIэ, унэлъащIэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. КъатитI фIэкIа мыхъуу ди гугъа хьэщIэщым щы щIагъымкIэ кIуэуэ иджыри зы къат иIэу къыщIэкIащ. Абы къызэщIиубыдэрт щIымахуэм лажьэ псы гуэнынэ) (бассейн), хьэмэм, spa-салон, спортым хуха-ха пэш, сабий джэгупIэ, нэгъуэщI-къинэмыщIхэри. ЖыпIэнуракъэ, зыбгъэпсэхунымэ, гъэм и кIуэцIкIэ сыт хуэдэ зэманри мы щIыпIэм зэшыгъуэ къыщыпщыхъунукъым.

«Адамполь» хэщIапIэр къызэхэткIухьурэ зэдгъэлъэгъуащ гъэмахуэ шхапIэ Iэхуитлъэхуитыр, абы ублэкIмэ щIыбым дэт псы гуэныр, аква-паркыр, жыг лъабжьэхэм щIэт тIысыпIэхэр. А псори къабзэу зехьэным, удэхэр щIащауэ, тхъэмпхэр пхъэнкIауэ, нэгъуэщIу гу зыльытапхъэхэри Iэпэдэгъэлэ мыхъуу щытыным нэхущым щегъэжьауэ жэщыр хэкIуэтэху зи нэIэ тезыгъэт лэжьакIуэхэр щIалэ защIэщ. ХьэщIэщым къкIуэхэр щатх IэнатIэм деж щыс бзылъхугъэхэм фIэкIа зэрыдмылъэгуар, адрейхэр псори зэрыцIыхуХъур гъэщIэгъуэн сщыхъуауэ сыщыщIэупщIэм, Нэжат жиIауэ ахэр бгъэлажьэнуи удэлажьэнуи зэрынэхъ тыншыр.

- ПщэфIапIэм щIэтхэм щегъэжьауэ, Iэнэ зезыхьэхэри унэ кIуэцIхэр зэлъыIузыххэри, пхъэнкIакIуэхэри, кIэщIу жыпIэмэ, псори щIалэщ, - жеIэ Нэжат. - Апхуэдэу щытри ди хьэщIэщым и закъуэкъым, адрейхэми аращ я зэхэтыкIэр. МыбыкIэ бзылъхугъэхэр ягъэлажьэркъым. Хьэуэ, лэжьэныр пабудыу аракъым, IэнатIэ гуГъум епхауэ лажьэ нэхърэ унагъуэ Iуэху ящIэу, быным зхэсмэ, езы щIыхуабзэми нэхъ къащтэ, цIыхухъэхэри абы арэзы ещI. Я щIэныгъэ, Iэщагъэ елъытауэ лажьэ бзылъхугъэхэр, псом хуэмыдэу егъэджакIуэ IэнатIэр езыхьэкIхэр, мащIэкъым, ауэ итIани араш хабзэр. ФынакIуэ, кхъыIэ, шхапIэмкIэ, фыкъызэрыкIуэрэ фышхакъым, - жиIэурэ Нэжат дрегъэблагъэ унащ-хьэ хъурей дахэ зытелъ гъэмахуэ шхапIэмкIэ. Абы дыздишэмкIэ псоми зэгъусэу доунэтI, Памукъ щIыкIуми зыкъыткIэриГъэщIэгъуэнщ уи хьэ цIыкIур, - жызоIэ. - ЗикI уи ужьым икIыркъым. Мы хуабэвэхым жьэуапIэ гуэр деж зэбэдзауэу щIэмыс, дэнэ укIуэми ныбдокIуэ. ЦIэ гъэщIэгъуэни къыхуэзгупсысащ.

- Аращ и хьэлыр. Хьэ щыхъукIэ зыгъашхэм дэщIыгъущ, жаIэ. Мыр апхуэдэкъым. ПщэфIапIэм къыIумыкIыу, кхъухуадзным ежьэу щыскъым. ХэщIапIэр зэрыщытту зейр, жэуап зыхьыр сэмра хуэдэу, дэнэкIэ сыт щаIэми зэрегъащIэ. И цIэри езым ещхьщ - «памукъ» псалъэм тыркубзэкIэ «бжьэхуц» жиIэу араш къикIыр, хьэпшыр хужь цIыкIуу къыщытхуахьам, бжьэхуц щабэм едгъэщхьэри апхуэдэу фIэтщауэ щытащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Налшык - Истамбыл -Амман.

(КъыкIэлыкIуэнущ).

Поляк къуажэм и зыгъэпсэхупIэхэр.



Чурей Алий хы Iуфэм Iут шхапIэм дрегъэблагъэ.

Зыплъыхьынми урегъэзэш.

«Адамполь» хьэщIэщым и бжэIупэм (*ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ*) Чурейхэр Ибрэхьимрэ Алийрэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэткъуэ Нэжат, Ныбжьэ Агнессэ сымэ.

Босфор хытIуащIэм утету укъаплъэмэ...

Мысыр, алыдж пасэрей щэнхабзэхэм къащIэна мывэ фэеплъхэр «СулътIан Ахьмэд» и цIэр зезыхьэ кьалэ утым. Жыжьэу плъагъур «Айе-Софие» музейрщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Амисулашвили и топым кьезыгъэгъэзэфын кьахэкIакIым.

Дэ кьытпэльэщын щыIэ?

«Спартак-Налшыкым» и IутIыжт

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань» (Краснодар) - 4:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щэкiуэгъуэм и 1-м. Щыху 9700-рэ епльащ.

Судьяр: Баскаков, Дроздов, Монахов (псори Мэзкуу щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Радич, Джудович, Кисенков, Амис уалашвили, Феррейр, Леандру, Бикмаев (Самсонов, 84), Концедалов, Джатэрыв3, Сирадзе (Рикардэ, 87), Асильдаров (Калимуллин, 90+2).

«Кубань»: Степанов, Хагуш, Джиоев, Засеев, Боавентурэ, Жавнерчик, Байрыев, Мурешан, Лъыс, Бабангидэ (Окодуевэ, 69), Траоре (Шевченкэ, 81).

Топхэр дагъэкIащ: Асильдаровым, 32 - пенальтикIэ, (1:0), Амисулашвили, 63, (2:0), Кисенковым, 76 (3:0), Леандру, 90+3 (4:0).

Дагъуэ хуащIащ Бикмаевым, Кисенковым, Байрыевым, Жавнерчик, Шевченкэ.

ТХЬЭМАХУЭ кIуам Налшык щыIэхэтащ премьер-лигэм кьыхэнэн щхьэкIэ бэнэныгъэ гуащIэ езыгъэкIуэкI командэхэм я зэлуIэ.

Очкоитi очкIа зи зэхуаку дэмылъ зэхьэрхуэрэгъуэм джэгур сакьыпIэу кьыщIадзащ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэт - зэлуIэм уасэшхуэ дэтхэнэ зым и дежкIи иIэт.

Зэрыхабзэу ялуэ егъэзыкIуэныгъэ кьыIэхыгъэ кьыIэхыгъэнэщар хэгъэрейхэрщ. Абы и кIэухым хьэщIэхэм я штрафноим топыр кьыщыIэзыIэрыхьа Леандру лъэщу еуащ, арщхьэкIэ «Кубань»-м и гъуащхьэтетым абы ерыгъыу кьригъэгъэзащ. Куэд дэмыкIыу и командэр ялуэ иригъэщIыну Iэмал иIащ Феррейрэ. Ари, ди жагъуэ зэрыхьунщи, зымыщIэкIэ гъуэм хуэзэкъым.

Кьыкlэлъыкlуэ сыхьэт ныкъуэм зэлуIэтыныгъэр нэхъыбэу щекIуэкIар джэгуплэ губгъуэм и курщ. Дэтхэнэ зы командэми кьыIэрригъэпэщыну зыхуущIэкъу егъэзыкIуэныгъэхэр и кьежьапIэм щыщIэжьыжьыр.

Зэлыгъуэ зэман кIыхьыр кьыIэпиудащ Кисенковым. Налшыкдэсхэм я гуащхьэхьумэр метр 35-рэ хуэдизкIэ пэжьыжьэу Степановым и гъуэм еуащ. Нэхьапэмэ хуэдэу краснодардэсхэм я гъуащхьэтетыр Iэнкуну джэгуащ, ауэ топыр зыми жьэхэмыуэу штангэм блэльэтащ.

Кьыкlэлъыкlуэ дакьикьэм Кисенковым иджыри зы егъэзыкIуэныгъэ кьыIэрригъэпэщащ. «Кубань»-м и гъащхьэхьумэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIуэ налшыкдэсыр Хагуш ириуду фIэкIа кьыIэгъэувыIакьым - пенальти. Ар игъэзэщIну топым екIуэлащ «Спартак-Налшыкым» и гъащхьэуэ нэхьыфIхэм ящыщ Асильдаровыр икIи кьрагъэзэ дзыхьыр игъэпэжащ - 1:0.

Зэлущым и бжыгъэр кьыIэIуаха нэужь, командэхэм я джэгукIэр аргуэру кIащхьэ хьужащ. Зэхьэрхуэрэгъуэрэзэ ззэзэмызэхэ гъуэхэм екIуалIэхэрт, ауэ гъащхьэтетым я дежкIэ егъэзыкIуэныгъэхэр щынагъэнщэт.

ЕтIуанэ Iыхьэми, командэхэм загъэнсэхуа пэтми, эхьэхьэкIыныгъэ гуэрхэр иIэу щIидзэжакьым. ЗэлуIэм и 54-нэ дакьикьэм Траоре зэуа топыр Радич гугъущэ демыхьыу къыщтащ. Кьыхьэгъэщынщи, абы щыгъэущ «Кубань»-р ялуэ налшыкдэсхэм я гъуэм кIыщеуфар. Джэгур нэхъ жыдэкIэ къэхъужыр т.

«Спартак-Налшыкым» и гъащхьэхьумэ Феррейрэ топыр нIыгъыу хьэщIэм я лъэныкъуэмкIэ псынщIэу щыкIуэцрыкIым гъащхьэхьумэм хабзэм кьемыIэзгъыу кьригъэувыIащ. Бикмаевым кьитха штрафноим иужькIэ топ псыфыр Степановым Iэщ1эщIэтыжащ. Абы пэмыжьыжьэу щыта Амисулашвили зэлущIэм и бжыгъэр 2:0-м нигъэсащ.

ТопитIкIэ я хьэрхуэрэгъуэхэм къакIэрыху пэми, зэлущIэм очко кьыщамыхьмэ адэкIэ кьаэпIлъэр фIы дыдэу кьыщыгурыIуэ краснодардэсхэм щытыкIэр ягъэзэжьуэжьну гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. ХьэщIэхэм я егъэзыкIуэныгъэхэм ящыщ зым Траоре кьыщыхита топым Лъысыр еуащ. Степановым хуэдэуи налшыкдэсхэм я гъащхьэтетым топыр Iэщ1эжьащ, арщхьэкIэ зыкIэльидзыкри ар кьищтэжащ.

Ди щIалэхэр нэхъ хуэм къэхъуа хуэдэт, «Кубань»-м Iэмал нэхьыбэ иратырт егъэзырыкIуэныгъэ кьыщэрагъэпэщыН щхьэкIэ, ауэ абыхэм ахэр кьахуэгъэсэбэпыртэкьым.

Адэкlэ зэлущIэм тельыджэ кьыщыхуащ. Налшыкдэсхэм я губгъуэ лъэныкъуэмкIэ иту штрафноикIэ топыр кьыщытащ Кисенковым. Ар зыхуэгъэза ди щIалэхэм яблэлъэтащ, краснодардэсхэм я гъащхьэтетымрэ гъащхьэхьумэхэмрэ зэщIугъуэкIри абы кьрагъэгъэзэну зы Iэмали кьыщIэрамыгъэпэщурэ топыр гъуэм дагъэхьащ - 3:0.

Кьэнэжа зэманыр «Спартак-Налшыкым» зэрыхуей дыдэм хуэдэу иригъэкIуэкIащ. Иджы ди щIалэхэр хьэщIэхэм я лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыда кьудейтэкьым, атIэ, Степановыр щытыкIэ щIатIуэ зэримытыр кьагурыIуэу, топыр кьызыIэрыхьэ дэтхэнэри занщIэу гъуэм еуэрт. Абыхэм ящыщ зымкIэ зэщхьэщыкIныгъэм хигъэхьэну Iэмалыфi дыдэ иIащ Леандру, арщхьэкIэ сантиметр зыбжанэкIэ топыр гъуэм лъэIэсакьым.

ЕтIанэгъэ ятэ дивизионыр кьыIэрыпэщылIыр хьэкьыу зыпхыкIа «Кубань»-м зэлуIэр и кIэм нигъэсэж кьудейуэ арат, жыдэжрагъ лъэпкъи кьагъэльагъэтэкьым.

Джэгум и зэманым судьям кьыщигъуа дакьикьэ зыбжанэрэ а махуэм зи IутIыжыгъуэ «Спартак-Налшыкым» пщIэншэу игъэкIуэдакьым. Хэгъэрейхэм я егъэзырыкIу зныгъэ мыухыжкъэм ящыщ зыр кьыщIидзащ Феррейрэ. Абы топыр иритащ джэгум кьыхьыкьагъащIэ Рикардэ. Иужьрейм кьыхита топым Леандру лъэщу еуащ икIи кIэух бжыгъэм 4:0-м хигъэкIащ. Я кьару зэхэдзэкIэ еплIанэ топыр дэзыгъэкIа «Спартак-Налшыкым» и бразил футболистхэр зэIущIэ нэужьым командэм кьыдэщIэхэм самбэ кьахуэгъэжащ.

Адрей командэхэр иужьу мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: **«Сатурн»** - «Химки» - **1:0, ЦСКА** - «Тэр ч» - **1:0, «Рубин»** - «Крылья Советов» - **4:1, «Москва»** - «Зенит» - **1:0,** «Динамо» - «Амкар» - 0:0, «Томь» - **«Локомотив» - 1:3, «Спартак»** - «Ростов» - **5:1.**

ЖЫЛАСЭ Замир.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщIыгъэкIым и теплъэр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	27	17	5	5	57-21	56
2. «Спартак»	27	17	4	6	57-26	55
3. «Зенит»	27	13	8	6	44-26	47
4. «Москва»	27	13	8	6	35-21	47
5. ЦСКА	27	14	4	9	42-26	46
6. «Локомотив»	27	12	9	6	37-29	45
7. «Сатурн»	27	11	6	10	33-36	39
8. «Динамо»	27	10	6	11	25-32	36
9. «Крылья Советов»	27	9	6	12	28-35	33
10. «Тэр ч»	27	9	6	12	31-41	33
11. «Томь»	27	8	8	11	23-36	32
12. «Ростов»	27	7	10	10	25-34	31
13. «Амкар»	27	7	8	12	24-35	29
14. «Спартак-Налшык»	27	6	11	10	28-27	29
15. «Кубань»	27	5	9	13	19-45	24
16. «Химки»	27	2	4	21	18-56	10

Асильдаровым бжыгъэр кьыIэIуех.


Налшыкдэсхэр йобгъэрыкIуэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Командэ нэхъыщхьэм къыкIэрыхуркъым

● Щалэгъуалэ зэпеуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань» (Краснодар) - 3:0 (2:0). Жэпуэгъуэм и 31-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыхуэ 150-рэ епльащ.

Судьяр Васильченкэ (Мейкьуапэ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Б. (Щоджэн А., 46), Михеев (Шортэн, 84), Соблыр, Быркьэм, Кlыщ, Къумыкъу (Балэ, 78), Концевой (Овчинников, 46), Кхъуэныхъ, Борей (Захаров, 73), Калимуллин (Гъущэкъуэ, 46), Гъбж (Михайлов, 83).

«Кубань»: Карюкин (Чуев, 46), Хохлов (Мирошниченкэ, 46), Миненкэ, Дмитренко (Горелов, 46), Поминов, Шахов, Байрыев (Карибов, 46), Сквернюк (Мустафаев, 46. Слинько, 83), Квеквескири, Долженкэ, Кабанов (Арефьев, 89).

Топхэр дагъэкIащ Поминовым, 24 - гъуэм и гъуэм (1:0). Быркьэмым, 39 (2:0). Гъущэкъуэм, 47 (3:0).

Дагъуэ хуащIащ Кхъуэныхьмрэ Квеквескирирэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ гупжм я зэхьэзэхуэм ипкъ итIкIэ, щэбэт кIуам «Спартак-Налшыкым» кьриигъэблэгащ турнир таблицэм и кIэух увыIпIэм щыт Краснодар и «Кубань»-р. ЗэIущIэ 26-м очко 12 фIэкIа кьыщыIэзымыхьыфа краснодардэсхэмрэ абыхэм нэхьрэ хуэдизкIэ очко нэхьыбэ зиIэ ди щIалэхэмрэ я зэIущIэм кьрикIуэнур кьэщIэгъуейтэкъым.

Апхуэдэуи кьыщIэкIащ. Ятэ дыдэ дакьикьэхэм кьыщыщIэдзауэ «Спартак-Налшыкым» егъэзырыкIуэн щIидзащ. ХьэщIэм зы Iэмали яIэтэкьым контратакэ кьыззрагъэпэщыну. Краснодардэсхэм я лъэныкъуэм зыщызыгъэбыда ди щIалэхэм я ерыщагъым мыгувэу ехьулIэныгъэ кьахуихьащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэ зэпымыухэм «Кубань»-м и гъащхьэхьэхэр Iэнкуну гъуэгат. Абыхэм ящыщ зыр кьызэпызыудыну хэта Поминовыр топым тещIэфтащ икIи ар и гъуэм дигъэжьыкащ.

Кьыкlэлъыкlуэ дакьикьэхэм щытыкIэр ягъэзэжьуэжьыну хьэщIэхэр хуащIэжьащ икIи зыбжанэрэ Щоджэным и гъуэм еуащ. АрщхьэкIэ я мурадэр кьайхьулIакьым. Уеблэмэ, зэIущIэм я ятэ Iыхьэр и кIэм нэблэгъауэ ди щIалэхэм я егъэзырыкIуэныгъэм хэту топыр кьызыIэрыхьа Быркьэмым ар Iэ3эу кьигъэсэбэпащ икIи бжыгъэр игъэбагъуащ - 2:0.

Ятэм и кIэухым хуэдэу етIуанэрэ «Спартак-Налшыкым» кьыщIидзэжащ. Я Iэхэр кьыззэримыкIым кьыхэкIкIэ, «Кубань»-м и тренерым гъуащхьэтетыр я пашэ у футболиститху зэуэ ихьуэжащ. Ауэ ари сэбэп кьахуэхьуакьым. Дакьикьищ нэхъ дэкIатэкьым Кхъуэныхьым бжыгъэр 3:0-м щынигъэсам.

Топищкlэ ятэ ища ди щIалэхэм адэкIэ гугъущэ зрамыгъэхьуу я лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдэжри текIуэныгъэ кьахуэзэыхь бжыгъэр зэIущIэр иухьыу яхьумащ.

Щыгъуаз фыхуодощI адрей командэхэр зэрызэдзэкIуам кьрикIуэ бжыгъэхэм: **«Сатурн»** - «Химки» - **7:0, ЦСКА** - «Тэр ч» - **2:0, «Рубин»** - «Крылья Советов» - **1:0**, «Москва» - «Зенит» - **1:1**, **«Динамо»** - «Локомотив» - **2:1**, **«Спартак»** - «Ростов» - **5:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

● Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ

Хэкум и хъумакIуэ нэс

Бахьсэн куейм хьыхь Псыкъурей кьуажэм щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Къэнэмгъуэтхэ Нурхьэлийрэ ХьэIешэтрэ дзэрэжгъуэ кьариташ гугъапIэфI куэдзрапх, дзэм кьулыкъу щыщыщIэ я щIалэм теухуауэ иджыблагъэ кьаIэрыхьа тхыгъэм.

«ПЩIЭ зыхуэтщI Нурхьэлийрэ ХьэIешэтрэ! Ди гуапэу щыгъуазэ фыдощI фи кьуэ Кьэнэмгъуэт Ахьмэд куэдым щапхьэ яхуэхьуу и кьалэныр зэрырихьэкIым. Сыт хуэдэ Iуэху пщэрыль щащIами, ар и чэзум икIи дагъуэншэу зэфIегъэкI, еджэныгъэми, кьулыкъуми нэхьыбэм зэрыщыгъуэзэным, и щIэныгъэм, Iэщ1агъэм зэрыгихьэхьэным, ипэкIэ зэрыкIуэтэным яужь итщ. Аращ абы унафэщIхэм пщIэ кьыщыхьуащIыр, дзэ кьулыкъур кьыдезыхьэкIхэм ныбжьэгъу пэжу кьыщIалъытэр, фIыуэ кьыщIалъагъур. Нэмысрэ шыIэныгъэрэ хэльу кьытхэтщи, апхуэдэ бын, Хэкум и хъумакIуэ нэс зэрывгъэсам папщIэ фIыщIэ фхудощI», - дыкьыщоджэ дзэ частым и унафэщI кьалэнхэр зыгъэзащI подполковник Буряков В. и Iэ зыщIэль фIыщIэ тхылъым.

Кьэнэмгъуэт Ахьмэд кьуэт еджапIэ нэхъыщхьэ Псыхуабэ (Пятигорск) дэт Бизнесымрэ правэмрэ зегъэжьуэныкIэ институтым и юрист кьудамэр 2008 гъэм фIы дыдэу кьиухаш. «Зи Iэщ1агъэкIэ нэхъыфIхэр» зэпеуэм кьыщыхьжаныкIаехэм, а кьалэм дэт Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэр 2008 гъэм фIы дыдэу кьэзыхуахэм ятеухуа кьыбар кIэщIэмрэ я сурэтхэмрэ щызэхуэхьэса журналым зи цIэ кьыщIраIуахэм ар ящыщщ. Нэмыщ1эбзэм хуэщIэрьуэщ. Спортыр фIыуэ ельагъ у, псом хуэмыдэу футболымрэ бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэмрэ дехьэх. Зыщ1ешагъэ кьифIэлIкым, сыт хуэдэ Iуэхуми жэуаплныгъэ пылъу бгъэдыхьэ, и щхьэми хуэткIиижь, лэжьыгъэм щымышынэ, ипэкIэ зэрыкIуэным хуэпабгъэ щIалэр Ахьмэд. Дзэ кьулыкъу кIуэным аспирантурэми щIэтIысхьэну и мурадщ.

Армэм щыIэ я щIалэм кьыхуэжаIэ псалъэ гуапэхэм щыгуфIыкIар адэ-анэм я закьуэкьым, абы ирогушхуэ я нэхъыжьхьэри, и кьуажэгъуэхэри, и ныбжьэгъуэхэри, и шыпхъу цыкIуитIыр зыхэс унагъуэхэри.

Кьэнэмгъуэт зэщхьэгъуэсхэм я бынхэр щIапыкIащ цIыхугъэмрэ пэжыгъэмрэ, хьэлэлагъэмрэ гуапагъэмрэ. Дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ, дзэкьэхэ Iэщ1агъэ зрагъэгъуэтащ. Хьыджэбз нэхьыжь Зухра Гъурх э я нысэщ, сабий цыкIуитI иIэщ. Нэхьыщ1э Заирэт Мотайх я яшащ.

Апхуэдэ гъэсэныгъэ щыпкъэ, хьэл-щэн дахэ я щ1эблэм яхэзыльхьа Нурхьэлийрэ ХьэIешэтрэ нэхъыжьым хуэгуапэ, нэхъыщIэр зыгъэгушхуэу цыкIуу хьэлэлэщ. Зэгурыlуэ, хабзэ, нэмыс щызэкIуэ унагъуэ дахэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ТхылъыщIэ

КъызыхэкIа льэпкъыр игъэкIуатэу

УНАГЪУЭМ кьахэхьуа сабий кьаIэтхъуатIащIэм изэгъэщхь дунейм кьытехьа тхылъыр. «КъэгъэщIыныгъэм и хьыбарыр япрэй хьэрфхэм кьызэрагъаIэтэжкIэ» зыфIищауэ Хьэрэтокъуэ Самир и кьалэмпэм кьыщIэкIарн апхуэдэщ:

Нэхъапэм абы тхылъитI Амман кьыщыдигъэкIауэ щытащ («Бгъэхэр, фIыльагъуныгъэрэ зауэрэ Кавказым», 1999 гъэ, «Цыхубз зэуакIуэхэр, амазонхэр», 2005 гъэ).

Хьэрэтокъуэр адыгэ щIалэмри, нэхъ зыхуэзэрыуэр хьэрпыпбзэрати, и тхылъхэр абыкIэщ зэритхар. Ауэ Самир хъарзынэу ещIэ адыгэбзэри, инджылыбзэри, бзэжьи кIуэдыжьахэм я зэхэзыхьэкIэри. Ар Иорданыр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэм я щIэблэм щыщщ. Езыми жиIауэ «Иорданым сриIыхьущ, адыгэм сриIыхьэм къащхьэщыдгъэкIыну дыхэтакъым. Футболистхэм апхуэдэу ятепкъуэ мыхьуну кьэтлъытащ. Арыншами дэтхэнэ зыми кьыгурыIуэрт абы и мыхьэнэр.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Гъуазджэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

Сабийхэм я гукъыдэжыр къаIэт

Урыс тхакIуэ Чуковский Корней и «Муха-Цокотуха» псысэ щIэрыIуэм композитор Салиман-Владимиров Дмитрий къытрищыкIа балетыр Налшык дэт Музыкэ театрым иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ. Абы куэду къекIуэлIат сабий садхэм я гъэсэнхэр, курыт еджапIэхэм щIэс щыкIуэхэр.

АР ЯГЪЭУВАЩ балетмейстер, КЪБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Хьэкъуэ Роэзрэ Кузнецов Юрэрэ. Дирижерыр театрым и художественнэ унафэщI Щэбэтыкъуэ Натбийщ, сценографыр, щыгъынхэм я теплъэр зыщIар Дэцыхьуей Руэаннэщ. Бадзэ цIыкIумрэ Аргъуейммрэ я ролхэр ягъэзащIащ Музыкэ театрым и солистхэу Щэбэтыкъуэ Юлэрэ Балькъэр Асльэнрэ. Теплъэгъуэм щыджэгуащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым хореографиемкIэ и кьудамэм и 2-нэ курсым щеджэхэр.

БЛИЙ Даянэ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 6-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуржьы Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Танэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ Iуэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; эдэлэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теллэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщ дэльщ **КЪБР-м** федеральэ пошт зэпыщIныгъэхэмкIэ и управленем.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыныкIэ жэуап ещхь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня, редактору Ныбжьэ Танэ, корректорхэу Бапэ ФатIимэ** *(4,3-нэ нап.),* **ПхэтIыкI Юрэ** *(1,2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер IэнатIэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 10.008 • Заказ №3504